

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 8 YÈM ANE

HAITIAN EDITION  
GRADE 8 SOCIAL STUDIES  
BOOK I  
INTERMEDIATE LEVEL

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

JEN 2003

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv sa a; Twazyèm Pati a nan Dezyèm Liv sa a.

**Premye Pati** a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas ki la pou sa nan tiliv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye Liv la.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN**

## Premye Pati

### ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 – 4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li egzanp ki la a:

<b>Egzanp</b>
Ki vil ki kapital Etazini?
(1) Boston
(2) Wachintonn, D.C.
(3) Vil Nouyòk
(4) Filadelfi

Repons kòrèk la se **Wachintonn, D.C.**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa nimewo **2** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** a ki nwasi.

Reponn tout kesyon ki nan Premye Pati egzamen an menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Si ou pa konn repons kèk nan kesyon yo, fè sa w kapab pou w reponn chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a.


## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon (1–45):* Pou chak deklarasyon oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo oubyen espresyon ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

- 1 Si yon tè gen dlo ki antoure l sou twa kote, yo rele sa
  - (1) yon prèskil
  - (2) yon detwa
  - (3) yon il
  - (4) yon ism
- 2 Kilès nan sous enfòmasyon sa yo ki se yon egzanp premye sous enfòmasyon?
  - (1) ansikloped
  - (2) diksyonè
  - (3) diksyonè sinonim
  - (4) done nan ajanda
- 3 Ki kote anpi Maya ak Aztèk yo te ye?
  - (1) Kanada
  - (2) Amerik Santral
  - (3) nan sidès Etazini
  - (4) nan sidwès Ewòp
- 4 Kay long yo (*longhouse*), se yon kalite kay kilès nan moun sa yo te konn rete?
  - (1) Seminòl
  - (2) Iwokwa (Haudenosaunee)
  - (3) Nen Pèsè
  - (4) Pweblòs
- 5 Kilès nan evennman sa yo ki te lakòz twa lòt yo?
  - (1) Maladi te fin detwi popilasyon Ameriken Endyen Natif Natal yo.
  - (2) Gen nouvo kalite manje Ewopeyen ak Ameriken yo te vin aprann manje.
  - (3) Peyi Ewòp yo te voye eksploratè ann Amerik.
  - (4) Yo te mennen Afriken vin travay kòm esklav ann Amerik.
- 6 Kisa ki te objektif prensipal Mayflower Compact la?
  - (1) Tabli libète relijyon nan koloni an.
  - (2) Fè moun obeyi wa Angletè a.
  - (3) Bay moun ki dwe lajan yo, ak kriminèl yo yon lòt chans.
  - (4) Fonde yon gouvènman ki ta nan avantaj koloni an.

Baze repons ou pou kesyon 7 la sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Melvin Schwartz ak John R. O'Connor, *Exploring American History*, Globe Book Company, Inc. (adapte)


- 7 Enfòmasyon ki nan kat sa a vle fè konprann premye kolonis yo
  - (1) pa t kapab rive tabli inite politik
  - (2) te jwenn vil ak vilaj ki te genyen kèk kilomèt sèlman ki separe yo
  - (3) te bati koloni yo tou pre kote ki te gen dlo
  - (4) te gen pwoblèm ak Ameriken Endyen Natif Natal yo

- 8 Ki jan yon moun te kapab fè plis lajan nan travay ou nan Nouvèl Frans?
- (1) Lapèch ak vann fouri
  - (2) Chache min lò ak min ajan
  - (3) Kilti tabak ak diri pou fè komès
  - (4) Moulen grenn ak fabrikasyon machandiz
- 9 Premye objektif Lwa sou Navigasyon Angletè te pase yo, se te pou
- (1) limite gwosè bato ki t ap pase nan dlo Angletè yo
  - (2) fè Angletè pwofite nan komès kolonyal la
  - (3) bay maren fòmasyon pou sèvi nan marin Britanik
  - (4) limite fabrikasyon machandiz ann Amerik kolonyal
- 10 Kisa ki te prensipal objektif Deklarasyon Endepandans lan?
- (1) Konvenk Angletè pou l sispann esklavaj ann Amerik.
  - (2) Montre tout rezon ki genyen pou koloni yo pa rete sou lobedyans Angletè.
  - (3) Ofri yon plan pou finanse Revolisyon Amerikèn lan.
  - (4) Konvenk wa a pou l bay kolonis yo plis tè.
- 11 Desizyon pou bòykote machandiz angle yo anvan Lagè Revolisyonè a te bay bon rezilta, paske yo te
- (1) koupe nan benefis kòmèsan angle yo
  - (2) bese pri machandiz enpòte yo
  - (3) fè sòlda angle yo manke apwovizyonman nan koloni yo
  - (4) pèmèt Ameriken yo ouvri pwòp izin pa yo
- 12 Konstitisyon Eta Nouyòk, yo te apwouve an 1777 la, te enpòtan paske li te
- (1) enspire moun ki ekri Deklarasyon Endepandans lan
  - (2) kenbe enfliyans Angletè nan Eta a
  - (3) sèvi kòm modèl pou Konstitisyon Etazini an
  - (4) bay tout gason ki majè dwa pou yo vote
- 13 Delege nan Konvansyon Konstitisyonèl 1787 la te aksepte Konpwomi Twa Senkyèm lan kòm yon mwayen pou
- (1) limite pouvwa prezidan an
  - (2) bay fanm dwa devan lalwa
  - (3) rezoud dezakò ki genyen sou kesyon reprezantasyon nan Kongrè a
  - (4) tabli kantite tan manda senatè yo ka dire
- 14 Dapre Prelid Konstitisyon Etazini an, pouvwa pou gouvènman an soti nan
- (1) Eta yo
  - (2) prezidan an
  - (3) Tribinal Siprèm lan
  - (4) pèp la
- 15 Nan dezakò ki te genyen sou ratifikasyon Konstitisyon an, pi gwo pwoblèm ki te genyen ant Federalis yo ak Antifederalis yo, se te sou
- (1) rezon pou kenbe bon rapò ak Angletè
  - (2) nesite pou kontinye esklavaj
  - (3) eleksyon George Washington kòm premye prezidan
  - (4) divizyon pouvwa ant gouvènman nasyonal la ak Eta yo
- 16 Kilès nan pawòl sa yo ki montre sistèm verifikasyon ak ekilib la nan travay?
- (1) Prezidan an voye sòlda ameriken nan yon misyon pasifik nan Ewòp.
  - (2) Kongrè pase yon lwa ki mete kontwòl sou lavant pistolè ak revòlvè.
  - (3) Sena a refize apwouve moun prezidan an chwazi kòm jij nan Tribinal Siprèm lan.
  - (4) Gouvènè Nouyòk la pale ak prezidan an sou politik pou yo swiv la.
- 17 Prezidan Thomas Jefferson te voye Lewis ak Clark nan teritwa yo te fèk achte nan Lwizyàn yo prensipalman pou
- (1) etidye zòn lan epi pou fè kat jeyografik reyon an
  - (2) chache lò ak lòt depo min ki gen valè
  - (3) amelyore relasyon ak Ameriken Endyen Natif Natal yo
  - (4) fòse kolon angle ak panyòl yo kite teritwa a

- 18 Machin pou dekòtike koton an te fè endistri tekstil la fè pwogrè paske li te
- (1) koupe nan tan moun te bezwen pou plante grenn koton
  - (2) amelyore metòd pou tise twal ki fèt an koton
  - (3) fè li vin posib pou esklav ki pa t gen fòmasyon yo vin kapab kiltive koton
  - (4) pote yon metòd pi rapid pou separe grenn koton ak fib koton yo
- 19 Pandan ane 1840 yo, Chit Seneka (*Seneca Falls*), nan Eta Nouyòk, te tounen sant yon mouvman pou
- (1) dwa fanm
  - (2) refòm tanperans
  - (3) òganizasyon sendika travayè
  - (4) dwa Eta yo
- 20 Pandan premye mwatye 19yèm syèk la, mouvman abolisyonis la te travay pou
- (1) fini ak esklavaj
  - (2) ankouraje sistèm fonksyon piblik la
  - (3) fonde lekòl piblik gratis
  - (4) limite kantite bweson ki gen alkòl moun bwè
- 21 Kilès nan evennman sa yo ki te mennen toudwat nan Lagè kont Meksik la (1846-1848)?
- (1) etablisman Teritwa Oregon
  - (2) aneksasyon Tegzas
  - (3) dekouvèt lò nan Kalifòni
  - (4) lè yo te mete Ameriken Endyen Natif Natal deyò sou pwòp tè yo
- 22 Yon kesyon ki te divize Nò ak Sid, epi ki te lakòz Lagè Sivil la, se te
- (1) kantite tan manda prezidan an dire a
  - (2) kesyon pou Tribinal Siprèm lan fè revizyon jidisyè a
  - (3) repatisyon pouvwa ant Eta yo ak gouvènman federal la
  - (4) aplikasyon pwosedi destitasyon an
- 23 Apre Rekonstriksyon an, Blan nan sid yo te reprann kontwòl gouvènman nan Eta nan sid yo paske yo
- (1) anile Kòd Nwa yo
  - (2) limite dwa vòt Ameriken Nwa
  - (3) fòse pifò Ameriken Nwa ale rete nan Nò
  - (4) rezève sistèm demwatye a pou Blan yo sèlman
- 24 Pandan ane 1800 yo, pi gwo rezon ki fè te gen diskriminasyon kont imigre ilandè yo, se te
- (1) konviksyon relijye yo
  - (2) paske yo te soti nan klas favorize yo
  - (3) konviksyon politik konsèvatè yo te genyen
  - (4) paske yo pa t fin vle aprann pale angle
- 25 Prensip separe men egal, ki te soti nan desizyon *Plessy v. Ferguson* (1896) la, te bay kòm rezilta
- (1) kòmansman Lagè Sivil la
  - (2) fen peryòd Rekonstriksyon an
  - (3) plis segregasyon rasyal nan kote piblik yo mete, pou moun sèvi
  - (4) entegrasyon Ameriken Nwa ak Blan nan rejiman militè yo
- 26 Ki liv ki te denonse sa ki pa bon nan esklavaj?
- (1) *Common Sense* (*Bon Sans*)
  - (2) *The Jungle* (*Lajeng*)
  - (3) *The Grapes of Wrath* (*Rezen Kolè*)
  - (4) *Uncle Tom's Cabin* (*Ti Kay Tonton Tòm lan*)
- 27 Rezon ki fè pifò moun achte aksyon nan sosyete anonim yo, se pou
- (1) enfliyanse desizyon y ap pran nan konpayi yo
  - (2) pwofite nan benefis konpayi yo fè
  - (3) amelyore kondisyon travay anplwaye nan konpayi yo
  - (4) patisipe nan desizyon sou sa yon konpayi ap vann

Baze repons ou pou kesyon 28 ak 29 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

**Anplasan Asyèri, vè ane 1900**



Sous: *America: The People and the Dream*, Scott Foresman ak Co. (adapte)

28 Dapre sa ki nan kat la, kisa moun kapab di sou izin asye an 1900 yo?

- (1) Pou anpeche polisyon, yo te bati pifò izin asye yo nan zòn riral.
- (2) Pifò izin asye yo te nan sidès peyi a.
- (3) Pifò izin asye yo te bati tou pre min chabon, ak min fè.
- (4) Eta Nouyòk te pwodwi anpil chabon.

29 Sa ki ta pi sanble rezon ki fè yo te bati izin asye nan Gari, Enndyana, se paske vil sa a

- (1) tou pre Oseyan Atlantik
- (2) tou pre Gran Plenn yo (*Great Plains*)
- (3) tou pre fwontyè Kanada a
- (4) sou wout transpò sou lak

30 “. . . Okipe bay foto yo, m ap okipe fè lagè a.”

— William Randolph Hearst  
(ki t ap pale ak Frederic Remington,  
jounalis ki t ap fè repòtaj sou lagè a)

Kilès nan faktè ki lakòz Lagè Ispano-Ameriken an pawòl sa a montre pi byen?

- |                |                        |
|----------------|------------------------|
| (1) enperyalis | (3) anbisyon politik   |
| (2) militaris  | (4) près sansasyonalis |

31 Pandan Peryòd Pwogresis la, anpil Eta te koumanse fè eleksyon primè pou pèmèt elektè yo

- (1) jete ofisyèl ki te monte nan eleksyon yo
- (2) mande reprezantan yo te chwazi nan eleksyon yo pou yo vote lwa
- (3) chwazi kandida nan pati yo pou eleksyon
- (4) fè konnen sa yo te kwè sou lwa yo te pwopoze


Baze repons ou pou kesyon 32 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Theodore Roosevelt Collection, Harvard College Library (adapte)

Baze repons ou pou kesyon 35 sou grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Chomaj 1920 - 1932



### Ane

Sous: Historical Statistics of the United States, Bureau of the Census (adapte)

32 Dapre desinatè a, prensip prezidan Theodore Roosevelt te swiv pou gouvènè, se te

- (1) melanje plizyè kalite ide politik
- (2) bay opinyon konsèvatè yo avantaj sou lòt apwòch yo
- (3) retounen nan ansyen metòd
- (4) defann enterè moun rich yo

33 Louis Armstrong, Duke Ellington, ak Bessie Smith te fè bon travay pou Renesans Alèm nan domèn

- (1) mizik
- (2) penti
- (3) powezi
- (4) eskilti

34 Rezon ki fè enperyalis te lakòz Premye Gè Mondyal la, se paske li te

- (1) ankouraje peyi yo devlope relasyon komèsyal
- (2) kreye konfli ant peyi yo poutèt koloni yo
- (3) sipòte diktati militè nan tout Ewòp la
- (4) dekouraje patisipasyon nan Lig Nasyon yo

35 Ki evennman ki te konte kòm yon faktè nan chajman rapid ki te fèt nan chomaj, apre 1929?

- (1) adopsyon Lwa sou Espyonaj ak Sedisyon yo
- (2) Etazini te refize antre nan Lig Nasyon an
- (3) ogmantasyon nan imigrasyon
- (4) mache bous la ki tonbe

36 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, kantite fanm Amerikèn ki te kite kay yo pou travay deyò te ogmante anpil paske

- (1) te gen anpil gason ki te ale nan sèvis militè
- (2) pri yo te monte, epi sa te vin kreye yon nesosite pou gen de (2) salè k ap rantre nan fanmi an
- (3) lwa yo te pran, pou defann fè timoun travay yo, te vin fè gen plis travay pou fanm
- (4) règleman gouvènman an yo te fòse endistri yo obsève kwota nan bay moun travay

37 Yo gade Doktrin Truman lan ak Plan Marshall la, kòm efò Etazini te fè pou

- (1) sispann teste zam nikleyè
- (2) anpeche kominis gaye
- (3) ranfòse politik izolasyonis li a
- (4) pini moun ki te fè krim nan lagè

38 Nan lit pou dwa sivil Ameriken Nwa, yo plis nonmen non Rosa Parks lè y ap pale sou kesyon

- (1) Mach sou Wachintonn, D.C. a
- (2) efò pou fè moun enskri pou vote nan Misisipi
- (3) bòykòt otobis nan Mongomeri, Alabama
- (4) demonstrasyon chita nan Kawolin Dinò

39 Kilès nan evennman sa yo ki te rezilta twa lòt yo?

- (1) Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) siyati Trete Vèsay la
- (3) lè diktatè yo t ap monte ann Ewòp
- (4) lè Lig Nasyon an pa t kapab mache

40 “Anfen, you . . . Gayan”


Tit jounal sa a te anonse konklizyon yon eleksyon prezidansyèl kontwovèsè an

- |          |          |
|----------|----------|
| (1) 1800 | (3) 1900 |
| (2) 1860 | (4) 2000 |

41 Yo te fè pwogram aksyon afimatif yo pou

- (1) bay minorite yo menm opòtinite ak lòt moun
- (2) ranfòse dwa vòt fanm
- (3) respekte trete ki te siyen ak Ameriken Endyen Natif Natal yo
- (4) bay edikasyon bileng

Baze repons ou pou kesyon 42 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Bob Engelhart, *Hartford Courant* (adapte)

42 Pou desinatè te fè konnen reyaksyon li anvwè ogmantasyon salè minimòm la an 1997, li sijere li

- (1) gen chans pou redwi diferans ki genyen ant moun rich ak moun pòv
- (2) pa t ase pou koresponn ak chanjman nan pri lavi a
- (3) se yon nechèl ki pèmèt moun chape anba lamizè
- (4) se solisyon pou sistèm asistans sosyal la

43 “Chomaj la Pa Janm Wo Konsa”  
 “Kiltivatè yo Kouri pou Dezè Pousyè a”  
 “Plizyè Santèn Moun Kanpe an Liy nan Kantin Manje”

Ak ki deseni yo asosye tit jounal sa yo pi plis


- |                 |                 |
|-----------------|-----------------|
| (1) 1900 – 1910 | (3) 1921 – 1930 |
| (2) 1911 – 1920 | (4) 1931 – 1940 |

44 Batay Saratoga, Getisbou, ak Nòmandi yo sanble, paske touletwa

- (1) te fè lagè yo dire pi lontan
- (2) pa t gen anpil moun ki viktim ladan yo
- (3) te moman kritik nan lagè yo
- (4) te yon viktwa pou kan ki te fini pa pèdi lagè a



Baze repons ou pou kesyon 45 sou dyagram wèb ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



45 Kilès nan tit sa yo ki konplete dyagram wèb la pi byen?

- |                             |                      |
|-----------------------------|----------------------|
| (1) Politik Enteryè Etazini | (3) Doktrin Monroe   |
| (2) Chòk pandan Gè Fwad la  | (4) Tansyon ann Ewòp |
- 

**KONTINYE** ⇨

**FOR TEACHER USE ONLY**

**Part I Score** \_\_\_\_\_

## Dezyèm Pati

Ekri repons pou kesyon sa yo nan liv egzamen an, nan espas vid ki apre kesyon yo.

*Esplikasyon:* Baze repons ou pou kesyon 1 pou rive 3 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Pati Politik pandan ane 1790 yo

	Federalis	Demokratik-Repibliken
<b>Konviksyon Politik</b>	Te prefere pou se sitwayen ki rich ak enstwi ki kontwole gouvènman federal la Te prefere yon gouvènman nasyonal ki fò	Te dakò pou se sitwayen òdinè ki chwazi reprezantan yo Te pou yon gouvènman nasyonal limite
<b>Konviksyon Ekonomik</b>	Te dakò pou gouvènman ede biznis, finans, ak komès Te dakò pou gen yon bank nasyonal Te sipòte pwoteksyon pou tarif	Te vle pou pa gen okenn privilèj espesyal pou biznis; te pito kiltivatè yo Te vle pou bank Eta yo fò Te sipòte enpòtasyon san taks
<b>Zafè Etranjè</b>	Te sipòte lyen komèsyal ak Angletè epi te pè Lafrans Te sipòte trete Jay a	Te senpatize ak Revolisyon Franse a Te kont trete Jay a
<b>Kote Fòs la Soti</b>	Nouvèl Angletè ak zòn kotyè ki fò Enterè nan manifakti, bankye, ak komèsan	Fò nan zòn sid, zòn sidwès, ak zòn fwontyè yo Agrikiltè, atizan, ak ouvriye kalifye

Sous: Henry Drewry ak Thomas O'Connor, *America Is*, Merrill Publishing Co. (adapte)

- 1 Bay *yon* egzamp ki montre kouman Federalis yo te gen entansyon ankouraje kwasans ekonomik. [1]

---



---

Score-Nòt

- 2 Di *yon* eleman nan tablo a ki sipòte agiman ki di Pati Demokratik-Repibliken an te konn ankouraje patisipasyon nan gouvènman plis pase Pati Federalis la. [1]

---



---

Score-Nòt

- 3 Poukisa gen plizyè gwoup ki fòme pati politik? [1]

---




---

Score-Nòt

Baze repons ou pou kesyon 4 pou rive 6 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Ekspansyon Etazini - 1803



4 Ki peyi ewopeyen ki te kontwole Florid an 1803? [1]

---

Score-Nòt

5 Kouman Etazini te fè vin mèt zòn sa a, ki gen yon pwen entewogasyon sou li nan kat la? [1]

---

Score-Nòt

6 Di *de* (2) rezon tè ki gen pwen entewogasyon sou li a te pote avantaj pou Etazini. [2]

(1) 

---

Score-Nòt

(2) 

---

Score-Nòt

Baze repons ou pou kesyon 7 pou rive 9 sou lèt ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

## Lèt yon Timoun Ekri pandan Gwo Depresyon an

Warenn, Owayo  
22 desanm 1935

Chè Prezidan Roosevelt,

Tanpri ede nou manman m gen twazan malad epi te lopital twa ma epi li te soti men li pa fè mye epi Papa m peralize epi pa kapab travay epi nou pòv epi fon Kominotè a ban nou sis dola epi nou se sis moun kat timoun twa gason 15, 13, 12, ak yon fi 10 epi papa ak manman. Nou pa gen pèsonn pou ba nou kado Nwèl. epi si w vle achte yon kado Nwèl tanpri achte yon fou pou nou pou nou kwit manje ak pou fè bon pen.

Tanpri eskize m dèske mwen pa ekri byen anpil paske ti fi 10 an an ap ekri.

Jwaye Nwèl  
[Anonim]

Sous: Robert McElvaine (ed.), *Down and Out in the Great Depression*, The University of North Carolina Press

7 Nan ki ane yo te ekri lèt sa a? [1]

Score-Nòt

8 Di **de** (2) pwoblèm fanmi sa a genyen. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

(2) \_\_\_\_\_

Score-Nòt

9 Nonmen **yon** pwogram New Deal (*Nouvo Kontra*) ki te ede moun tankou moun yo dekri nan lèt la. [1]

\_\_\_\_\_

Score-Nòt

Baze repons ou pou kesyon 10 pou rive 12 sou diskou ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

### Kat Libète Lapawòl yo

. . . Nan jou k ap vini yo, n ap chache plis sekirite, n ap atann nou pou nou gen yon sosyete ki fonde sou kat libète esansyèl tout moun dwe genyen.

Premye a, se libète pawòl ak ekspresyon – tout kote sou latè.

Dezyèm lan, se libète tout moun genyen pou yo sèvi Bondye nan jan pa yo – tout kote sou latè.

Twazyèm lan, se libète kont mizè, ki vle di, tout bon vre, konkèpsyon ekonomik ki pral garanti tout peyi yon egzistans nan lapè ak lasante pou tout moun ki rete ladan l – tout kote sou latè.

Katriyèm lan, se libète kont laperèz, ki vle di, tout bon vre, pou tout peyi sispann gen anpil zam, jouktan okenn peyi pa nan yon pozisyon pou l komèt yon zak agresyon fizik kont okenn vwazen l – okenn kote sou latè. . . .

—Prezidan Franklin D. Roosevelt,  
6 janvyè 1941

10 Idantifye lidè mondyal ki te fè diskou sa a. [1]

Score-Nòt

11 Nonmen yon dwa fondamantal yo pale nan dokiman sa a, epi yo pale aklè nan Dwa Sitwayen nan Etazini yo. [1]

Score-Nòt

12 Lè diskou sa a te fèt, poukisa yo t ap pale toupatou sou kesyon libète a? [1]

Score-Nòt

**FOR TEACHER USE ONLY**

Part II Score \_\_\_\_\_